



Social Security

Si ou bezwen yon entèprèt

Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede ou ak koze Sekirite Sosyal ou an. Sèvis entèprèt sa yo disponib ke ou pale avèk nou pa telefòn oubyen nan biwo Sekirite Sosyal lan.

Rele nimewo telefòn gratis nou an, **1-800-772-1213**, si ou pale Panyòl peze 2, pou tout lòt lang peze 1, rete sou liyn lan epi pa pale pandan vwa an Angle a fin bay enfòmasyon an jiskaske yon reprezantan reponn. Reprezantan an pral rele yon entèprèt pou ede nou pandan apèl lan. Si nou paka fin regle koze an pa telefòn, nou pral pran yon randevou pou ou nan biwo lokal Sekirite Sosyal lan epi fè aranjman pou yon entèprèt prezan pandan randevou ou an.

